

ba yo plis konesans renmen yo plis

Chak moman ou pase ak pitit ou konte. Chante pou pitit ou, li pou li, anbrase li, etabli woutin pou li, koute li lè li vle di w yon bagay oubyen lè li vle yon bagay, menmen li kay doktè regilyèman epi chwazi yon bon kote pou ou bay gade li. Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann renmen lot moun, se kon sa y aprann rejisi.

Fè relasyon vin pi djanm nan aktivite pran swen timoun chak jou

Beverly Tate, fondasyon "Peace Education Foundation"

Pandan nouvo ane sa a ap kòmanse, ki espwa e ki rèv ou genyen pou fè relasyon w ak fanmi w vin pi djanm? Nou jwenn bon okazyon toutbon pou nou fè sa nan aktivite chak jou tankou chanje kouchèt, lave men, abiye ak manje. Aktivite bay swen sa yo pèmèt nou fè yon ti ralanti pou nou rekonekte ak pitit nou. Men kèk sijesyon itil pou w kab benefisye pi bon bagay nan moman sa yo:

- Dekri sa k ap pase a pou w ka fè timoun nan patisipe ladan n.
- Respekte timoun nan lè w fè aktivite yo **avè** l, men ou pa fè yo **pou** li.
- Gade pou wè reyaksyon timoun nan ap bay.
- Fè timoun nan patisipe nan aksyon an plis posib.

Sa kab byen difisil pou moun ralanti tan an ki se yon pwodui presye. Lè w pran tan ou pou w fè aktivite chak jou sa yo ki fèt souvan, se fè w ap fè timoun nan patisipe nan sa k ap fèt pou li a. Timoun nan tounen yon patisipan aktif. Lè nou mete atansyon nou sou woutin nan ak sa k ap fèt la, sa fè vin gen plis relasyon epi relasyon an vin pi djanm.



Fason pou rezoud diskisyon san vyolans

16 janvyè se dat Doktè Maten Litè King Jinyò te fèt. Pou onore kokennchenn lidè sa a ak angajman li te pran kont vyolans, men kèk konsèy pou w montre pitit ou ki jan pou l rezoud diskisyon li genyen ak moun ak kè poze epi yon jan ki bay bon rezilta:

Bay pi bon egzanp ou ka bay la.

Timoun pran poul sou paran yo. Pale ak pitit ou avèk respè, gade l nan je, epi toujou trete l byen. Timoun konnen lè moun trete yo yon fason ki pa byen, epi yo pral fè menm bagay la ak timoun parèy yo.

Mete atansyon w sou pwoblèm nan.

Anpil fwa, lè yon timoun gen move konpòtman, tandans natirèl paran an se santre atansyon l plis sou timoun nan. Bay yon timoun vye non epi fè l wont, se bagay ki fè l pa gen konfyans nan tèt li. Mete atansyon w plis sou pwoblèm nan menm, pa sou moun ki te ka lakòz pwoblèm nan.

Pa janm bay yon timoun kou. Si

w ap bay pitit ou kou epi w ap bat li pou w ka korije l, se vyolans w ap montre l. Chache lòt fason pou w korije l, tankou pa kite l jwe ak jwèt li pa kite l gade televizyon.

Soti al manje nan restoran avèk timoun 2

Leson pitit nou yo dwe aprann nan men Doktè Maten Litè King Jinyòm 3

Aktivite literè pou tibebe ak timoun piti 4

Pase nan bibliyotèk "Child Development Services Resource Library" a! 4

MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektiyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvè aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti jounal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.

ba yo plis konesans



renmen yo plis

Soti al manje nan restoran avèk timoun

Sheah Rarback M.S., R.D., ki nan sant "Mailman Center for Child Development" nan Inivèsite Miyami.



Soti al manje nan restoran se yon festen pou paran ak timoun. Sa vle di: yo pral manje yon bagay ki diferan, pa gen televizyon pou distrè yo epi yo pa gen pou yo fè netwayaj. Nan ki lòt evènman yon timoun kapab egzèse ladrès lekti li ak savwaviv a tab? Soti al manje nan restoran vle di tou li lè pou n gouste kèk nouvo manje epi libere tèt nou soti nan "bwat" ki gen sèlman pizza ak boulèt vyann yo rele nògèts yo.

Anpil restoran ki bon pou fanmi gen yon "meni pou timoun". Dabitid manje a se hanmbègè, poul fri, pòm detè fri ak lòt bagay ki sanble ak sa. Pa gen anyen ki nouvo, anyen ki enteresan, epi anyen ki bon pou lasante kòm dabitid. Mete meni timoun nan de kote, epi gade jan timoun ou yo ka fè kòmman epi manje sa ki nan pati granmoun yo nan meni an.

Gen de gwo fason pitit ou kapab amize l nan meni konplè a: (1) Eseye amizman bouch yo. Dabitid yo an kantite timoun renmen anpil epi yo fasil pou timoun manje yo. Ajoute yon ti salad sou yon kòktèl chevrèt nan yon restoran fwi lanmè oubyen pran yon pla ennichilada ak salad nan yon restoran meksiken epi sa tou ba w yon repa. Mete kèk timoun ak enpe amizman bouch ansanm, ou tou gen yon bifè. (2) Si de nan timoun ou yo renmen menm pla a, ou kapab chwazi yon pla prensipal epi ou pataje l pou yo. Yon salad oswa yon legim sou kote fè repa a fin rive. Pataje, se pa pou timoun sèlman. Si w nan yon restoran kote yo sèvi gwo plat manje, fè lide pataje yon pla. Ou va jwenn yon pi bon zafè pou lajan w lan. Desè pa yon pwoblèm, men se ki kantite desè ou manje.

Pandan ou nan yon restoran ansanm ak pitit ou, sonje ou dwe gen pasyans epi se pou w reyalis nan sa w ap atann de timoun yo. Timoun piti pa anmezi pou yo rete chita pandan anpil tan epi yo ka bezwen pran yon poze tanzantan pandan n ap manje a. Pandan n ap tann manje nou, fè lide mennen timoun yo mache nan restoran an pou w ka ba yo yon ti chans pou yo detire janm yo. Epi tou, pote kèk kreyon desen oswa liv pou ede amize timoun yo pandan repa a. Gen gwo chans pou yo fini ak manje pa yo a anvan tout moun.



MIAMI-DADE PUBLIC LIBRARY SYSTEM
www.mdpls.org

-Ale nan bibliyotèk katye w la pou tcheke liv, aktivite ki genyen ak refleksyon ki pou ankouraje pitit ou nan lekti ak ekriti. Pou kab jwenn bibliyotèk ki tou pre w, rele nan nimewo 305-276-2665 oswa ale nan sit wèb sa a: www.mdpls.org

Estope distribisyon mikwòb ki fè ni ou menm ni lòt moun malad!

Kouvri Bouch ou lè w ap Touse



Kouvri bouch ou ansanm ak nen ou ak yon papye klinèks lè w ap touse oswa lè w ap estènen

oubyen

touse oswa estènen nan pati anwo manch chemiz ou, pa nan men w.




Mete papye klinèks ou sèvi a nan bokit fatra a.



Netwaye men w

apre w fin touse oswa apre w fin estènen



Lave men w ak savon epi dlo tyèd

oubyen

netwaye yo ak likid pou netwaye men ki fèt abaz alkòl.



Minnesota Department of Health
717 SE Delaware Street
Minneapolis, MN 55414
612-676-5414 or 1-877-676-5414
www.health.state.mn.us



Minnesota Antibiotic Resistance Collaborative



ASSOCIATION FOR PROFESSIONALS IN INFECTION CONTROL AND EPIDEMIOLOGY

MISYON NOU:

Amelyore lavi tout timoun ak fanmi yo k ap viv nan Miami-Dade County ak bon jan investisman nan lavi yo jodi ki kab ede yo demen.

Wòl paran yo anvè timoun kin an laj pou ale lekòl

Leson pitit nou yo dwe aprann nan men Doktè Maten Litè King Jinyò

“Dènye bout yon nonm, se pa ki pozisyon li pran lè bagay yo ap byen mache pou li, se ki pozisyon li pran nan tan gwo pwoblèm ak lè moun leve kont li.” –Doktè Maten Litè King Jinyò.



Kouraj Doktè Maten Litè King Jinyò ak vizyon li te genyen pou lajistis ak libète ede chanje peyi a. Li te yon nonm ki te gen prensip ak gwo konfyans, sa gen 37 an depi yo touye li. Eritaj li kite dèye l kontinye ap viv toujou.

16 janvye se Jounen Maten Litè King Jinyò; se yon fèt yo tabli depi 20 an pou onore lidè dwa sivil la. Sa se yon bon moman pou n repase leson lavi li anseye nou epi pou n pataje leson sa yo ak pitit nou.

Youn nan leson sa yo se rezoud diskisyon nou gen ak moun nan youn lespri non vyolans ak rekonsilyasyon. Òganizasyon ki rele “Fondasyon Edikasyon pou Lapè” a (Peace Education Foundation), yon gwoup ki resevwa finansman nan men òganizasyon “The Children's Trust” la, bay pwofesè, paran ak elèv fòmasyon pou yo regle diskisyon ant moun avèk anpil ladrès nan mete lapè.

Lòyd Vann Baylivèl, ki se prezidan fondasyon an, di kon sa: “Nou travay apati prensip ki fè konnen lavi a chaje ak konfli. Nou vle pou timoun yo defann kwayans yo epi pou yo di sa yo panse, men se pou yo fè sa yon fason ki pa ofanse moun.”

Youn nan zouti leson sa yo bay timoun yo se “Pale pou tèt mwen”. Yo dwe sèvi ak zouti sa a lè yo nan diskisyon ak lòt moun. Timoun nan site non moun ki nan diskisyon avè l la pou l pale avè l, li gade moun sa a nan je epi li fè moun nan konnen ki jan aksyon sa a fè l mal. Apre sa, timoun nan deklare byen klè bagay sa a pa dwe rive ankò. Youn nan ansèyman yo se bon jan ladrès kominikasyon pou ede bay opinyon moun valè, pou yo pa sèlman gade ras yon moun, nan ki gwoup etnik li soti, si l se fi oubyen gason epi ki relijyon li.

Vann Baylivèl di: “Nou p ap montre pèsonn pou yo vin dou. Doktè King pa t dou. Li te konn defann prensip, jistis ak respè.”

Fondasyon an ankouraje moun tou pou yo rann kominote a sèvis; sa se yon fason pou yo “bay an retou” – nan konstwi plas piblik oswa nan netwaye teren ki vid – epi tou nan moute yon baz k ap bay moun sipò. Kòm nou aprann atravè istwa mouvman dwa sivil la, kantite gen anpil anpil fòs lè moun met tèt yo ansanm pou yo defann yon kòz. Vann Baylivèl kontinye pou l di: “Lè w fè pati yon kominote, gen mwens laperèz nan moman konfli yo.” Pote bon jan modèl pou ede timoun reyisi lekòl, se misyon prensipal pwogram ki rele ann angle “5000 Role Models of Excellence”. Se Fredrika Wilsonn, yon Senatè nan Eta Florid, ki te parèt ak pwogram sa a. Chak ane, nan jou fèt Doktè King, pwogram nan òganize yon dejene kote plizyè santèn timoun ak konseye yo patisipe pou yo demontre pisans enfliyan pozitif genyen nan lavi jèn moun.

Malgre Senatè Fredrika Wilsonn gentan wè gwo chanjman nan anpil elèv, li pa santi gwo rèv Doktè Maten Litè King te genyen pou nwa Ameriken yo reyalize.

Manmzèl di kon sa: “Mwen panse kè misye ta dechire si li te wè ki jan anpil anpil timoun nwa ap pase mizè lakay fanmi kote leta voye yo al abite. Doktè King pa ta vle paran fè yo abi epi abandone yo. Antan kominote, nou dwe adopte timoun sa yo, nou pa dwe ale nan peyi etranje pou nou al adopte timoun.”

Povrete ap ogmante pami nwa yo, to timoun ki kite lekòl vin pi wo epi gen “plis tigason Ameriken nwa nan prizon pase nan inivèsite”; dapre Senatè Wilsonn, sa se yon tablo ki tris epi se yon gwo defi pou nou leve. Men, li di, kle sikse se edukasyon ansanm ak ankourajman valè moral djanm anndan lafanmi.

Pastè Linda Frimann, ki se direktis jeneral Sant famiyal ki pote lapè (ann angle, “Peace-Maker Family Center”) nan Legliz Trinite (“Trinity Church”), kwè edukasyon ak valè moral anndan lafanmi te fonnman sikse Doktè Maten Litè King.

Pastè Frimann di: “Maten Litè King Jinyò se yon moun ki te fò anpil nan edikasyon li. Anvan li te gen gwo travay legliz li a, li te gentan ale nan inivèsite epi li te gentan fè doktora li. Nan edikasyon, li pa ta anmezi fè mesaj li a pase byen kon sa.”

Legliz Trinite gen yon pwogram apre lekòl ki resevwa finansman nan men òganizasyon “The Children's Trust”. Nan pwogram sa a, yon tifi 13 an ki rele Kay Danyèlz byen sonje leson Doktè King yo. Manmzèl di kon sa: “Pifò elèv nwa Ameriken konn ki moun misye ye. Men gen kèk lekòl ki annik pase byen vit sou lavi li, sa fè nou pa sonje se te yon batay pou tout moun gen menm dwa.”

Pou Sacha Pera, yon elèv 11 an ki se yon Ayisyen-Amerikèn, Doktè King te yon sovè. Manmzèl di: “Doktè King ede m. Pi bon zanmi m se yon ti blan e si Doktè King pa t pote yon chanjman, mwen menm ak zanmi m nan pa t ap ansanm epi lavi mwen ta annuiye.”

“Pou nou reyalize gwo rèv Doktè King nan, sa mande pou nou asepte tout timoun tankou yo se timoun pa nou”; se sa Modesto E. Abeti, ki se Prezidan Direkètè Jeneral “The Children's Trust” la di.



Aktivite literè pou tibebe ak timoun piti

Se òganizasyon "Family Learning Partnership" ki fè nou jwenn atik sa a.

Nou nan yon bon lè nan ane a pou w pase tan lib ap li liv pou pitit ou. Lè nou li liv ansanm, sa fè pitit ou vin pi fò epi sa amelyore tan moun nan yon fanmi pase ansanm. Fè yon ti tcheke liv timoun pi byen epi chwazi yon bon liv pou nou li ansanm. Pi gwo òganizasyon nan peyi a ki travay sou aktivite literè pou timou rele "Reading Is Fundamental"; men kèk sijasyon li bay:

Kòmanse sou tibebe piti rive sou laj 3 an

- Chwazi yon liv k ap dire. Chache liv ki relye byen solid, ki gen paj epè, sitou liv an katon.
- Liv yo dwe gen foto tou senp, byen klè, avèk pawòl oubyen san pawòl.
- Pran liv ABC ki gen foto bagay timoun ou yo wè nan kay la.
- Chwazi pwezi ak chante, tankou "Mother Goose" ak "Where is Thumbkin?".
- Chache liv ki pale de senk sans yo, liv nou santi yon jan diferan nan men nou, liv ki gen diferan sant, diferan gwosè, diferan fòm, diferan koulè e ki menm bay diferan son tou. E liv ki gen diferan gou menm?



Laj 3 a 6 an

- Li istwa sou bagay ak esperyans chak jou.

- Chwazi istwa senp, anpil aksyon, rit rapid epi solid.
- Konsantre sou pèsonaj prensipal ki gen prèske menm laj ak pitit ou.
- Chache liv ki pale de bèt ki renmen jwe, ni sa ki reyèl ni sa moun envante.
- Chwazi liv ki montre divès bagay epi ki klasifye yo. Paregzanp: chwazi liv ki pale de tout kalite machin, zouti, rad ak zannimo.
- Pran liv ki rime, ki gen rit oswa ki gen fraz fasil pou moun aprann pitit ou kapab repete avè w.

Laj 6 a 9 an

- Chache liv ki gen sijè ki enteresan pou pitit ou. Kite yo chwazi sa ki vle di yon bagay pou yo.
- Chwazi ilustrasyon ki bay yon lide sou mo pitit ou ka pa konnen yo.
- Chwazi istwa ki gen mo ak fraz ki repete plizyè fwa.
- Pran liv ki gen youn oswa de fraz nan chak paj – apre sa, twa oswa kat fraz ofiramezi pitit ou ap vin konn li pi byen.
- Konsantre sou istwa ki gen pèsonaj prensipal ki santi menm bagay ak pitit ou oswa ki pè menm bagay ak pitit ou.



Pase nan bibliyotèk "Child Development Services Resource Library" a!

Bibliyotèk "CDS Resource Library" a se yon gwo resous pou kominote a ki disponib pou edikatè, fanmi, timoun ak tout manm kominote Miyamided la.

Bibliyotèk "CDS Resource Library" a pran angajman l pou li pote yon anviwònman ki itil, amikal e konfòtab k ap founi enfòmasyon kiltirèl epi k ap satisfè bezwen tout moun nan koze edikasyon.

Li gen materyèl ann angle, an panyòl ak an kreyòl ayisyen -- liv pou timoun, liv sou swen timoun piti, sou edikasyon timoun piti, sou devlopman timou, sou wòl paran nan elve timoun, sou bezwen espesyal, sou jwèt ak materyèl edikatif, CD mizik ak anpil lòt ankò. Bibliyotèk la ofri sèvis plastifye dokiman pou yon ti kras kòb epi moun kapab sèvi ak machin dekoupaj mak Ellison nan gratis.

Yon klas ki sèvi kòm modèl ofri okazyon pou moun k ap bay swen yo ogmante kapasite ansèyman yo epi pou yo ka vin gen yon nouvo vizyon pou edikasyon ak swen timoun.

Si w bezwen plis ransèyman, tanpri telefone bibliyotèk "CDS Resource Library" a nan 305-908-5757 oswa pase nan 15910 NW 57yèm Avni nan Miyami Leks. Men lè yo ouvè: lendi, mèkredi, vandredi de 9 è a.m. a 5 è p.m. epi madi ak jedi de 10 è a.m. a 7è p.m.

Patisipe Nan ti Journal sa a...



Voye:

foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation
3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak United Way Success by 6

(305-860-3000) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvize pwogram entèvanasyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami Dade County. Se mesye Paula Bender ki pral dirije kowalisyon an (305-646-7225).

Edite ti journal sa a se:

Ana de Aguiar Echevarria
(305-646-7230)

Moun ki nan komite revizyon

journal sa a se:
Dr. Debbie Glasser



3250 SW Third Ave.
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665